

POU FILOZOFI KA PALE KREYÒL

*P. Maurice Elder Hyppolite, sdb**Moun - Revue de philosophie 1 (2005) 90-114*

Tradiksyon yo nou pral jwenn nan *Moun – Revue de philosophie* a se yon premye esè pou pèmèt Ayisyen k' ap antre nan espas refleksyon filozofik la aprann fè l' nan pròp lang peyi nou an. Se pa yon chemen fasil, tankou tou sa ki serye nan lavi a. Sa mande disiplin ak pèsèverans pou travay la efikas epi rive abouti nan fòmasyon yon mantalite filozofik ki sèvi ak kapasite rasyonèl la pou ouvri yon orizon sans k' ap pèmèt tout moun nan viv tout bon. Li enpòtan pou nou angaje sou rout¹ sa a antan nou egzamine dirèkteman travay Filozòf ki te vin anvan yo te fè.

Nou pa dwe pè mete nou nan lekòl moun ki te pase nan chemen sa yo anvan epi ki kapab gide yon lòt. Se vre yo di pa gen filozofi moun nan ka aprann, se aprann pou moun nan aprann "filozofe", men prezizeman pou n' ka "filozofe", pou n' ka aprann reflechi nan profondè filozofi a mande a, nou bezwen "aprann". Aprantisaj sa a ap ouvri espri nou pou nou dekouvri nan chak peyi, nan chak epòk, se menm travay la entèlijans la ap fè pou li antre pi fon nan konpreansyon realite a antan l'ap chèche tout fondman li, san li pa elimine okenn eleman nan problèm nan. Elimine yon eleman nan yon problèm, se pa rezoud li, se ranvwaye l' pou pita. Lè sa a li vin pi konplike toujou paske "pi ta, pi tris". Men li pa posib pou yon sèl moun reyisi anbrase tout imansite realite a antan li kenbe tout aspè yo ansanm, se poutèt sa se avèk anpil modesti, anpil imilite, pou yon moun antre nan domèn sa a, antan li mande sa k' te vin anvan yo konkou. Dayè "yon sèl dwèt pa manje kalalou".

¹ Pou kesyon òtograf la, cf. p. 110.

An nou eseye konsidere kèk aspè kesyon filozofe an kreyòl la. Nou pral wè toudabò premye difikilte a se pa kesyon lang nan men se fatig ki genyen nan egzijans aprann reflechi a. Epi nou va abòde yon aspè spesyal nan domèn metafizik la anvan nou montre nesosite pou elabore yon langaj kòrèk pou filozofi a an kreyòl antan nou suiv egzanp ansyen filozòf yo. Nou va fini ak kèk konsiderasyon sou kesyon òtograf la.

1.- Aprann reflechi an kreyòl

Youn nan eleman enpòtan nou dwe konsidere pou antre nan yon refleksyon serye, se kesyon lang nan. Li se enstriman ki sèvi pou espri a ka sènen realite a, aprann epi transmèt konesans yo, aprofondi eritaj li resewva a epi verifye enfòmasyon li jwenn yo. Nou pa kwè ka gen yon refleksyon filozofik sistematik si lang nan pa ta pèmèt ekprime tout finès ak nuans entèlijans la ka disènen. Konsa premye etap la se travay alafwa sou devlope kapasite entèlijans la k' ap aprann reflechi a epi pèmèt lang nan gen ase souplès pou l' kapte epi deklare tout dimansyon fondepò refleksyon an bezwen rive a.

An realite lang nan grandi dapre nivo fondepò refleksyon moun ki pale li. Peyizan nou yo, menm si yo iletre, yo di tout sa yo bezwen di, epi entèlijans yo byen fre, li pa jennen ditou, yo gen yon bèl sajes ki alafwa natirèl epi kiltirèl. Natirèl, paske yo an kontak dirèk ak realite a san tròp entèferans atifisyèl. Kiltirèl, paske yo gen yon kilti ki kole ak sa yo ye kòm moun: depi nan rasin li, se yon sentèz ant eleman afriken ak eropeyen ki vin fonn youn nan lòt sou tè sa a nan moulen soufrans esklavaj la. Kilti sa a konn valè san parèy moun genyen sou tout lòt realite tè sa a. An plis, kòm li benyen nan konesans bòn nouvèl Jezu-Kri a, li rekonèt tou dènye fondman dinyite san parèy moun nan se paske se imaj Bondye li ye, epi se paske Bondye te tounen moun.

Gen yon travay akouchman ki nesèsè pou ede bèl kilti sa a avanse parapò a egzijans konesans ki nan fondman entèlijans la. Travay sa a pa t' rive fèt byen poutèt sikonstans istwa peyi a ak realite ekonomik yo. Gen aspè nan kilti a tou ki krochi epi, pafwa, fòm

edikasyon moun yo resevwa vin konplike bagay yo antan li fè gen yon dekalaj ant sa moun nan di, sa l'panse ak sa l'ap viv. Moun nan pa fè youn anndan l', li mal ajiste. An pati se poutèt difikilte ki genyen nòmalmman nan eseye viv verite a. Men, sikonstans edikasyon nan peyi a fè pafwa se konpreansyon an menm, kapasite rezònman an ak sans otantik verite a ki vin febli. Trase yon lign dwat epi fè yon rezònman kòrèk se rezilta yon aprantisaj long ak yon disiplin konstan. Menm jan yon ouvriye pa reyisi renmèt yon travay byen fini si li pa mete tout kè l' ak tout entèlijans li nan fatig prodiksyon an, se konsa tou yon sosyete ap toujou klopen klopan tout tan moun ki ladan l' pa ajiste anndan yo tout aspè ki fè moun se moun.

Sistèm edikatif peyi a ansanm ak lòt faktè istorik, politik epi ekonomik ap ede dezajisteman sa a vin pi terib. Se pa sèlman kalite nivo refleksyon an ni nouvo ide ak nouvo mo yo rankontre yo ki pi gro problèm nan, men se mele yo mele ant de lang ki sanble ka mache ansanm (fransè ak kreyòl) men ki pa gen menm kadans nan refleksyon sou realite a. Sot nan yon lang al nan lòt la, mo yo konn sanble epi yo pa vle di egzakteman menm bagay; lè sa a refleksyon an vin flou, li vag, epi konklizyon yo manke presizyon. Sistèm ansèyman an, jan li ye a pratikman, fè moun yo pa abitye reflechi tout bon apati okenn nan de lang yo. Sa gen konsekans terib sou lavi sosyal la paske li anpeche yon dyalòg konstriktif etabli ant moun k' ap chèche verite a.

Si nou ta eseye presize kesyon an pi plis, san nou pa egzajere, nou ta ka di kounye a, an jeneral, etidyan yo plis abitye memorize an fransè, repete fraz ak bout fraz pa kè, nan stil kesyon repons, menm si yo pa konprann sa y' ap di a, y' ap kole mo, konsa pa gen refleksyon. An kreyòl menm, yo abitye di prèske tou sa yo pansè epi diskite youn ak lòt san kè sote, men yo pa abitye fè efò pou reflechi yon fason sistematik jous nan bout. Kon yo kwense yo kite sa oubyen yo janbe nan fransè pou kole yon bout fraz ki ta vle sanble yon fòmil yo te etidye plis pase rezilta yon rezònman lojik. Oubyen ankò yo vire nan poezi, nan tire kont, rakonte istwa, epi refleksyon an pèdi karaktè sistematik la. Reyèlman, li kenbe yon kontak imedya ak lavi chak jou a, men li pa ka monte pi ro pou pran yon distans ki pèmèt kapte tout dimansyon realite a. Nou

konnen, jan nou sot di a, tout tan yon moun pa ka tabli tout eleman yon problèm yon jan klè pou l' konsidere divès aspè kesyon an, li pa ka rezoud li tout bon.

Se vre anba chalè solèy sa a ak tout lòt problèm moun genyen, fè yon rezònman kòrèk epi fini yon refleksyon nan yon dyalòg sere se pa sa ki premye preokipasyon, poutan tout lavi moun pa ka pase konsa. An plis, pa gen mwayen pou rezoud tout kalite problèm yo si se pa nan aprann reflechi pou jwenn yon solisyon kòrèk, otreman w' ap toujou tonbe nan menm erè a. Si "sak vid pa kanpe" jan provèb la di l', nou pa dwe bliye moun pa "sak"; gen yon lòt fò l' fè yon kanpe pou l' mande sa k' pase l', kouman l' fè kote l' ye a, kijan l' ap fè pou l' soti ladan l'? Epi fòk li pa prese di se Bondye sèl ki pou fè kichòy pou rezoud problèm nan. Poutèt "reyèlman se nan ras li tou nou ye" (*Travay Apot yo* 17,28) nou gen pou trouse manch nou nan sèvi ak tout kapasite li mete nan nou, lè sa a n'a konprann kouman se li k' ap "konsolide travay men nou" (*Psòm* 90,17).

Sètènman gen anpil efò ki fèt pou mete syans ak konesans pratik yo an kreyòl epi pou devlope literati ak konesans lang nan, men tout tan li pa rive kapab pèmèt Ayisyen yo reponn kesyon ki pi fondamantal yo dapre kapasite refleksyon moun genyen, l'ap toujou yon ti jan frennen. Se profondè refleksyon moun ki pale yon lang ki fè lang nan devlope. Menm jan aritmetik, jeometri, gramè, istwa, sa vle di syans nou etidye lekòl yo, pèmèt konesans ogmante avèk nouvo ide, nouvo mo ki fè nou sènen realite a pi byen pou nou ka aji sou li, se konsa refleksyon filozofik la ap ede ale nan fon problèm yo pou ka debloke yon sitiyasyon epi pou goute satisfaksyon ki genyen nan jwenn yon repons apre ou fin pase anpil tan ap poze kesyon, ap chèche. Se pa nou menm k' ap envante tout bagay, okontrè, nou se eritye tout trezò konesans ansyen yo te ranmase. Se nan relasyon youn ak lòt moun nan aprann vin moun. Nòmalman, apati repons ak solisyon lòt moun te jwenn nou ka aprann reflechi epi debloke pròp kapasite nou genyen pou nou konprann realite a.

2.- Nan ekòl Sen Toma d'Aken ak ansyen gran filozòf yo

Pou ede debloka sa a fèt, nou deside eseye konprann epi di nan lang nou sa yon gran savan tankou Sen Toma d'Aken (1225-1274) te panse. Li se youn nan moun ki te rive fè yon sentèz valab apati tout sa Filozòf ki te vin anvan l' yo te di ki egzak, kit yo te Grèk, Latèn, Kreyen, Juif oubyen Arab. Sentèz sa a valab e l' ap toujou valab paske li pa neglije anyen nan eleman repons li te jwenn yo; dayè yo koresponn ak òganizasyon natirèl kapasite konprann ki se espri moun nan. Sou pwèn sa a tout moun sou tè a gen yon dèt pou pèp Grèk la paske menm jan pou anpil lòt syans, se yo menm an premye, apati sa lòt pèp - tankou Ejiptyen yo - te deja fè, ki te devlope refleksyon filozofik la an Oksidan depi nan Lojik rive nan Metafizik.

Filozòf tan modèn yo tou, apati Descartes (1596-1650), ede refleksyon an avanse, men kòm souvan yo pa t' vle konsidere anyen valab si l' pa t' soti nan ide klè pa yo, jan Descartes te di a, sa fè yo separe yo ak tout kouran refleksyon ansyen filozòf yo ki te vin tounen eritaj Mwayennaj la. Yo pa t' rann yo kont kijan "yon sèl dwèt pa manje kalalou" epi refleksyon yo a vin panche yon sèl bò paske yo pa kenbe tout eleman problèm yo. Nou ta ka di yo tapral fè bato filozofi a chavire nan idealism oubyen nan pozitivism materyalis, si lòt bò refleksyon an pa t' reaji pou fè Filozòf yo gade realite a ak sa ki egziste yo ki pa rezilta ide yo gen nan tèt yo men ki dwe okontrè mezire tout konesans yo. An konsideran tout dezaz esklavaj, lagè, jenosid ak lòt dega devlopman konesans ak kapasite teknik lèzòm vin pèmèt, anpil Filozòf ap poze tèt yo kesyon mande èske tousa se pa yon konsekans divès ki fèt ant sa entelijans moun ka konnen, sa teknik ka fè ak sa realite a ka sipòte. Se pa tou sa ki posib ki swetab.

Konsa filozofi a ap kesyone viraj Descartes te fè a epi ap chèche jwenn inite ki te gen ant entelijans la ak egzistans la lakay ansyen yo. Malgre tout valè li, entelijans la dwe soumèt devan egzistans la ki depase l'. Li pa ka fèmen l' nan espri a tankou "*Cogito ergo sum*"² Descartes la te eseye fè a.

² "*Mwen panse donk mwen egziste*", se sou konklizyon sa a Descartes debouche lè li fin doute de tout bagay, tout syans ak tout rezònman filozòf yo nan katriyèm pati *Discours de la méthode* la. Apati evidans sa a li pral konstwi tout filozofi li

Donk, pou yon lang ki fèk ap kòmanse reveye nan domèn rechèch filozofik la, li bon anpil pou l' aprann nan men moun ki te gen ekilib ase pou konsidere tout aspè problèm yo. Si se vre jan Aristòt di a, "yon ti erè nan kòmansman vin gran nan finisman",³ li ta bon pou nou ta pati sou bon pye pou nou pa rete nan rout oubyen pèdi tan. Nou gen kont difikilte deja. Sitou lè nou konsidere sitiyasyon lang nou an ki poko fò nan eksprime konsèp ki pi abstrè yo paske moun ki pale li yo poko santi bezwen pouse refleksyon yo nan direksyon sa a. Nou pa bezwen al chèche plis konplikasyon.⁴

An nou wè kounye a kèk difikilte spesyal kreyòl la genyen nan domèn Metafizik la lè pou nou tradui tèks Filozòf yo. Apati difikilte sa yo nou va dekouvri kèk eleman enpòtan pou fouye fondasyon refleksyon filozofik la nan lang nou.

3.- Kesyon "se", "ye" epi "egziste"

Metafizik la vle konprann ki sa "egziste" a ye, li vle remonte jous nan premye kòz egzistans la epi desann nan dènye degre sa ki egziste yo pou espri moun nan ka jwenn repo sou kesyon ki pi fondamantal la: rezondèt egzistans li. Jan Shakespeare di: "Egziste oubyen pa egziste, se sa ki kesyon an!"⁵ Vèb "egziste" a mache ak vèb "se" ki gen fòm "ye" tou nan kontèks entèrogatif.

a. Sa ki nouvo se pa pran konsyans egzistans la apati evidans entèlijans la k' ap reflechi a, se desizyon mete realite a ant parantèz pou konstwi tout syans apati ide yo sèlman, kòm si te ka gen yon bagay nan entèlijans moun nan san enstriman sans yo. Ansyen yo te konn di ak rezon: "*Nihil est in intellectu quod prius non fuerit in sensu*" ("*Pa gen anyen nan entèlijans la ki pa t' nan sans yo anvan*").

³ Se ak fraz Aristòt sa a sen Toma d' Aken kòmanse *De ente et essentia* a, cf. p. 131.

⁴ Travay sou ide yo mande enstriman ki ka inivèsèl antan yo pran fondamn nan realite ki konkrè yo. Se efò sa a pou nou ede lang kreyòl la fè. Pou bay yon egzanz, an nou konsidere twa aktivite sa yo: 1) yon profesè ap fè kou nan yon lekòl, 2) yon predikatè k' ap preche, 3) yon papa k' ap korije pitit li antan li esplike l' pou ki rezon. Nou ka rele touletwa aktivite sa yo "bay ansèyman", ki gen yon sans pi laj pase si nou ta di "fè kou" ki vo pou premye a sèlman. Men si nou rele yo "ansegne", ak yon sèl mo, sans la vin inivèsèl e li ka aplike pou tout kominikasyon ant entèlijans kote youn an "ransegne", "ansegne" lòt antan yo pataje konesans yo.

⁵ "To be or not to be, that is the question", "Être ou ne pas être, voilà la question", se premye fraz nan monològ trajedi *Hamlet* (III,1) Shakespeare ekri a.

Yo toulètwa koresponn a vèb "être" fransè a dapre diferan nivo signifikasyon. Nan sistèm vèb kreyòl la gen yon karakteristik ki fè li pa bezwen mete okenn fòm vèb "être" la lè pou l' deklare yon kalite abstrè, inivèsèl, osijè yon realite. Pa egzanp nou di "ou se doktè" ("tu es médecin"), men nou pa ka di "ou se vèt" ("tu es vert") sof si "vèt" la ta yon rakousi pou yon lòt ekspresyon konkrè tankou "ekip ki mete rad koulè vèt la".

Lang tankou lang grèk la ak laten an ki mete vèb "être" la pou toulède ka nou sot di la a, yo fè konprann eksplisitman kòman "egziste" a se li ki fondman tout bagay. An kreyòl menm, espri nou benyen si byen nan realite egzistans la, sa fè lang nan pa bezwen ekspri l', se yon evidans ki pa soulve okenn problèm. Si refleksyon filozofik la mande prezizeman pou fè "evidans" yo tounen "kesyon" pou ka jwenn dènye fondman eksplikasyon realite a, li bezwen respekte sa l' ap poze kesyon sou li a epi tou strikti lang l' ap sèvi ak li a. Si an fransè yo ka di:

"je *suis* homme";
 "je *suis* professeur";
 "je *suis* rouge";
 "je *suis*".

An kreyòl nou ka di:

"mwen *se* moun";
 "mwen *se* profesè",

dapre si yo konsidere mwen fè pati group "moun" yo oubyen "profesè" yo kote mwen se yon "endividi".

Oubyen yo ka di:

"mwen moun";
 "mwen profesè",

si sa yo deklare a konsidere kòm si li fè pati sa mwen ye a menm.

Epi Kreyòl la ap di:

"mwen rouj" (nòmalmman ou pa ka mete "se" a nan ka sa a);
 "mwen egziste" (paske "se" san yon detèminan pa gen sans pou kont li nan lang nan).

Se yon difikilte li ye pou tradiksyon an, men se yon richès pou refleksyon an.

- **Difikilte**, paske gen espplikasyon li posib pou fè nan lòt lang men ou pa ka fè yo menm jan an kreyòl, an patikilye paske, tankou kèk lòt lang tou, li pa oblije sèvi ak yon vèb ant yon non ak yon

adjektif pou tabli relasyon ant yo jan nou sot wè a.⁶ Konsa nou pa santi bezwen prezans vèb la paske pozisyon adjektif la parapò a non an ak atik la deja bay sans relasyon an. Vèb la pa janm yon senp inyon ant de lòt mo an kreyòl. Konsa pou vèb "être" fransè a nan sans afirmasyon prezans yon realite, se "egziste" nou di, epi lè n'ap poze kesyon sou yon realite nou sèvi ak de fòm sa yo: "ye" epi "se" ki ta sanble menm bagay la sof youn toujou sèvi pou kesyon, lòt la menm se sèlman pou repons ak afirmasyon. "Kisa li ye?", "Li se...". "Sa li ye" toujou deklare entansyon pou chèche konnen oubyen dekouvri yon realite antan ou pral jwenn yon non pou rele l' oubyen yon esplikasyon sou li, menm si ou poko konn non l'. Men anvan ou jwenn non an oubyen definisyon an ou deja deklare bagay la egziste oubyen li ka egziste, li te egziste oubyen li pral egziste, omwen nan lespri w': "Li se..." Men si w' vle konnen plis sou bagay la ou deja konnen "sa-li-ye" a, ou va poze kesyon sou sa yo rele "predikaman" yo, "atribi" yo, "kategori" yo, e lè sa a ou pap bezwen mete anyen ki koresponn ak vèb "être" fransè a ant non an ak karakteristik la. Donk si ou mande "kijan li ye?", repons la kapab "li bon", ou pa ka di "li se bon".⁷ Nou pral wè ofon sa a se yon richès li ye.

Yon lòt aspè difikilte sa a se fòm pasiv la. Fòm sa a konplike nan lang kreyòl la paske, dapre Jules Faine, li pa sèvi ak vèb "être" la kòm oksilyè.⁸ Kreyòl la pa pèmèt pou sa k' ap sibi sa yon lòt ap fè

⁶ Pa egzanp, an fransè yo di: "le ciel est bleu" (épithète), an kreyòl nou di: "syèl la ble"; an fransè yo di: "le ciel bleu" (attribut), an kreyòl nou di: "syèl ble a".

⁷ Sa raple sitiasyon vèb "esse" a an laten yo konsidere pafwa kòm yon senp deklarasyon egalite, tankou yon sign "=". Lè sa a ni sijè ni konpleman objè dirèk, yo mete yo o nominatif, angiz konpleman an ta akizatif: "tu Marcellus es".

⁸ Jules Faine, *Philologie créole. Etudes historiques et étymologiques sur la langue créole d'Haïti*. Port-au-Prince, Imprimerie de l'Etat, 1937, pp. 169-171: "Toutes les langues ne possèdent pas la forme passive qui est plutôt catégorie logique. Il a été établi que, dans les langues indo-européennes, la voix passive s'est constituée après l'actif et le moyen, dont elle s'est appropriée certaines flexions. Le créole, dans sa concision poussée à l'exagération, procède à l'égard de cette conjugaison comme il le fit pour nom et complément déterminatif, où il élimina la préposition; comme il le fit aussi pour sujet et attribut, où, le plus souvent, il supprima le verbe de liaison. On ne peut, dans ces conditions, prétendre que le créole possède une conjugaison à la voix passive, le verbe substantif en étant expulsé. [...] Ce n'est pas que le créole n'ait point le sens du passif; il l'a bien. Seulement, son aversion pour le verbe de liaison fait qu'il l'exprime

ta kapab sijè vèb la. Li oblije konpleman, sof si tout kontèks la klè pou pa gen dout. Gen vèb ki deja gen yon sans pasif paske yo ka sèvi ak yo tankou adjektif: "ou beni" ka vle di an menm tan "ou di byen osijè lòt la" epi "ou se yon moun yo di dibyen osijè li". Jan nou wè a, pou plis presizyon se fè sijè a tounen konpleman an ki bay sans pasif la klè: "yo beni ou", "li beni ou". Jules Faine fè wè kreyòl la pa gen difikilte pou l' ekprime sans pasif la menm si se pa dapre chema lòt lang yo.⁹ Sa a tou, èske se pa youn nan ekspresyon richès lang nan? Sa Faine rele "rejè" kreyòl la genyen pou vèb lyezon an ("aversion pour le verbe de liaison"), ta kapab sign fòs jayisman sous yon lang ki pote nan li yon dimansyon metafizik ki admèt yon lyezon imedya ant sa entelijans lapanse a ak sa ki egziste a. Dispozitif atifisyèl fòm pasiv la nan kèk lang pa pase nan kreyòl la.

- **Richès**, paske karaktè lang nou an fè nou wè kijan entelijans moun pa kapab pansè an deyò "egzistans" la, an deyò "sa ki egziste" a. Se sajès ak finès lang nan ki pa gen okenn dout sou "egzistans" lan. "Sa ki pa egziste" a (*néant*), nou pa kapab pansè l' tankou yon "realite" sof nan yon sans "relatif" tankou yon senp "mank", yon "mwens". Se realite a li menm ki gen yon "fondman-egzistans" ("substance") ki poze l' tout bon vre nan egzistans la. Lang nan oblije w' admèt yon fondman-egzistans ("substance") ki poze deja anvan ou jwenn karakteristik pou li. "Sa-li-ye" a bay repons sou fondman-egzistans la, sou "substans" la (premye nan kategori Aristòt mete yo). Epi kòm pou tout bagay gen yon "li se" (= tout bagay "se"), sa vle di se apati "egzistans" la intelijans la kapte "esans" realite a, "sa" realite a "ye" a. Filozòf grèk yo, depi avèk Parmenid (Parménide) te rive konprann premye fondman tout bagay se "egziste" a, konsa yo te wè premye kesyon

imparfaitement. [...] Mais la vraie manière créole de rendre ce sens est certainement par la forme active avec *moune* [*moun*] et *llo* [*yo*] par ex.: *Il est très aimé, llo rainmin l' empile* [*yo renmen l' anpil*]. *Nous sommes battus, llo battre nous* [*yo bat nou*]. *Il est écouté de tous, tout moune couter li* [*tout moun koute li*]."

⁹ "Le créole en apparence gauche et maladroit à rendre le passif, n'est pourtant pas aussi embarrassé qu'on le croirait pour en exprimer le sens. [...] Quoi qu'il en soit, il faut reconnaître que cette imperfection de la conjugaison à la voix passive constitue une grave faiblesse, la plus notable déficience du créole. Fort heureusement, il dispose d'ores et déjà de tous les instruments pour obvier à cette lacune, si jamais l'exige un jour son développement à venir." (*Ibid.* p. 171).

yo ta dwe jwenn repons pou li, ki va pèmèt yo tabli tout lòt repons yo, se: Kisa "egziste" a ye? antan yo fè "deklarasyon" an, "afirmasyon" an ("li se") retounen sou tèt li pou l' tounen yon kesyon.

Se konsa refleksyon sou sa "egziste" a ye a kòmanse devlope sot nan Parmenid (~ 540 avan Jezu-Kri), pase nan Platon (429-327 av. J.-K.), jous Aristòt (Aristote, 384-322 av. J.-K.). Se Aristòt ki vin rele kalite refleksyon sa a "Premye Filozofi" paske se li k' ap chèche rezondèt tout bagay, fondman egzistans la, premye kòz tout bagay, antan l' ap egzamine "egziste" a. Yo rele dènye degre refleksyon filozofik sa a "Ontoloji" tou, dapre mo grèk ὄν, ὄντος "ón, óntos" (= sa ki egziste a),¹⁰ epi λόγος "logos" (= diskou, paròl, syans). Li pran non "Metafizik" probableman paske nan klasman liv ki te nan bibliotèk vil Aleksandri an Ejip, yo te mete liv sa a yo apre liv "Fizik" Aristòt yo, se sa "Metafizik" vle di dapre mo grèk μετά "meta" (= apre, pi lwen, pa dèyè) epi φυσικός "fusikos" (= sa k' nan lanati, sa k' natirèl). Mo "Metafizik" la vin sèvi tou pou pale osijè tout konesans k' ap chèche premye fondman tout bagay, premye kòz yo, epi eseye rive nan dènye limit konesans moun ka rive nan direksyon sa a, pou jwenn premye kòz la, premye rezondèt la: Bondye, "nan li reyèlman nou viv, epi nou gen mouvman, epi nou egziste" jan sen Pòl te di sou Areopaj Atèn nan antan li site poèt Aratus (*Travay Apot yo* 17,28).

Lè Aristòt ap pale osijè "egziste" a, li di premye sans vèb "être" grèk la se "fondman-egzistans" la ("substans") ansanm ak tou sa yo ka di osijè egzistan an dapre mòd egzistans sansib la, sa li rele "kategori" yo (dapre mo grèk la), nou rele yo "predikaman" tou (jan laten an di a), sa vle di "sa yo ka deklare osijè yon realite".

Se konsa dis "predikaman" Aristòt te distenge yo, nou ka deklare yo an kreyòl san nou pa bezwen yon vèb "être" pou fè lyezon. Se: 1.- fondman-egzistans la ("substans" = sa l' ye?), 2.- kantite (ki

¹⁰ Se fòm neut patisip prezan vèb εἶμι, = "se", "ye", "egziste"; fòm maskilen an se ὄν = "egzistan", "sa ki egziste"; feminen an se οὐσα. Se la mo οὐσία a soti ki vle di sa ki egziste, egzistans la, fondman-egzistans la, substans la, antan li opoze a τὸ μὴ εἶναι = "sa ki pa egziste" a (*néant* = latin : *ne / nec ens*, "sa ki pa menm egziste").

longè, ki lajè...), 3.- kalite (ki koulè, ki metye...), 4.- relasyon (degre konparezon ak yon lòt...), 5.- plas (ki kote li ye...), 6.- tan (nan ki moman, kilè...), 7.- pozisyon (kanpe, chita, kouche...), 8.- posesyon (sa k' sou li, sa l' genyen...), 9.- aksyon (sa l' ap fè...), 10.- pasyon (sa l' ap sibi...).¹¹ Men yon tablo pou rezime sa nou vle di a:

Kesyon		Predikaman	Egzanp
<i>Sa li ye?</i>	<i>ki sa?</i>	1. Substans	li moun / li se moun
<i>Ki dimansyon?</i>	<i>ki grandè?</i>	2. Kantite	li kout, li gro
<i>Ki koulè?</i>	<i>ki kalite?</i>	3. Kalite	li nwa, li profesè / li se profesè
<i>Parapò a lòt?</i>	<i>ki rapò?</i>	4. Relasyon	li de fwa pi gran pase...
<i>Ki kote?</i>	<i>ki bò?</i>	5. Plas	li nan kay la
<i>Nan ki moman?</i>	<i>ki lè?</i>	6. Tan	depi yè
<i>Nan ki pozisyon?</i>	<i>kouman?</i>	7. Pozisyon	li chita
<i>Sa k' sou li?</i>	<i>ak ki sa?</i>	8. Posesyon	li kostime, kreyon nan men l'
<i>Sa l' ap fè?</i>	<i>sa l' fè?</i>	9. Aksyon	l' ap ekri
<i>Sa l' sibi?</i>	<i>sa l' sibi?</i>	10. Pasyon	yo blese li

Jan nou wè a, chak fwa nou bezwen deklare osijè realite a yon kategori ki fè pati sa li ye a menm nou pa bezwen mete vèb "se" a, sof si kategori n' ap deklare a kapab yon realite pou kont li, yon group kote sijè a se yon manb oubyen si ta gen yon lòt karakteristik nou vle ajoute sou premye predikaman an. Se sa k' fè nou ka di "li se profesè" antan n' ap panse li fè pati group moun k' ap ansejne kòm profesyon. Lè sa a "profesè" ta plis yon "substantif" pase yon "adjektif".

Men nou dwe fè atansyon paske se pa sèlman yon kesyon gramè ak klasifikasyon lojik. Sitiasyon sa a koresponn a yon mòd fonksyònman entèlijans la nan kontak li ak realite a.

Se F. Trendelenburg nan *Elementa logices aristotelae*¹² ki te di se apati gramè a Aristòt te pran kategori yo, konsa οὐσία se ta "substantif" la, ποιόν se ta "adjektif" la, ποσόν se ta "nonb" yo, πρὸς τι se ta degre "konparezon" yo ak "relatif" yo, etc. Dapre J. Tricot, se plis apati eksperyans konkrè a Aristòt te detèmine yo,

¹¹ Cf. pi lwen, p. 118, nòt 4.

¹² Katriyèm edisyon, Berlin, 1892. J. Tricot site l' nan tradiksyon *Organon* Aristòt la, (*Organon. I: Catégories; II: De l'interprétation*, Paris, Vrin, 1946, pp. VIII ; 5-6 nòt 2).

yon fason "anpirik" (*empirique*). Konsa strikti lang kreyòl la konduit nou tou dwat nan konpreansyon ontoloji Aristòt te elabore pou esplike realite a. Sa se gro richès.

4.- Kesyon "viv" epi "egziste"

Dezyèm difikilte nou ka jwenn, se konfizyon ant "egziste" ak "viv". Sa rive nan anpil lang pou de vèb sa yo sèvi souvan youn nan plas lòt. Poutan kon nou gade byen nou wè yon realite gen dwa "egziste" san l' pa vivan pou sa, tankou yon ròch, pa egzant. Konsa "viv" la se yon kategori ki antre nan "egziste" a alòske "egziste" a li menm li gen rapò ak tou sa espri nou ka konsidere, li anlè tout kategori yo.

Vi a se fòm egzistans kote eleman fizik ak chimik yo reaji youn sou lòt yon fason òganize ki fè gen fenomèn kwasans apati prensip entrensèk realite a menm depi soti nan nesans la, pase nan nitrasyon an ak reproduksyon an, rive nan deperisman an, dekonpozisyon lanmò a. Ansyen yo te di sa ki vivan an li "anime", sa vle di gen yon "nanm",¹³ yon prensip tankou sa k' nan moun nan ki pèmèt òganizasyon, otonomi ak koezyon matyè a fèt dapre "fòm" spesifik chak egzistan. Plant yo gen yon nanm vejetatif; bèt yo, yon nanm sanzitif; toulède nanm sa yo disparèt lè matyè ak fòm nan dekonpoze (= lanmò), se yon fòm lavi ki depann nèt de matyè a. Moun nan menm gen yon nanm entelektif, rasyonèl, nanm sa a ka pran distans parapò a matyè a pou li kapab konnen tout bagay epi transfòme yo. Yo konsidere sa kòm prèv li pa depann nèt de matyè a pou egzistans li, menm si li depann de matyè a pou fonksyònman li. Se konsa sa ki vivan yo ye nan egzistans la, se konsa yo egziste.

¹³ An grèk se "ψυχή" ki sòti nan yon rasin ki vle di "soufle", se la mo ψῦχος la soti ki vle di "frèt", an laten se "*anima*" ki gen menm rasin ak mo grèk ἀνεμος la (vent) e ki vle di "souf", "respirasyon", "prensip vital". Nan lang ebre, נֶפֶשׁ (nè-fèch) ki vle di "nanm" nan soti nan rasin ki vle di "gòj", epi "souf", "respirasyon". Li pa gen sans yon doub moun nan jan ejipsyen yo te panse nanm nan. Se nan fen peryòd okipasyon grèk la juif yo va akeyi nan revelasyon monoteist la konsepsyon nanm ki pa deperi ak dekonpozisyon kò a ansanm ak ide rezireksyon moun nan an anye a (*Matie* 18,20; *Apokalips* 6,9; *Luk* 20,37-38; *Jan* 11,25).

Aprè sa fò nou di tou gen yon kouran filozofik yo rele "egzistansyalism" ki devlope sitou an Eròp apre gè mondyal yo (1914-1918; 1939-1945); kouran sa a ta vle rezève vèb "egziste" a pou moun sèlman nan pami tout vivan yo. Yo di dèske se moun sèlman ki gen kapasite pou detèmine tèt yo pou kont yo (*auto-détermination*) nan mitan tout realite ki "la" anba je nou, li pa yon "être" tankou lòt yo, li "soti" andeyò konsèp "être" la pou l' kanpe antan se li k' ap konstwi sa l' ye a san detèminasyon total ki karakterize lòt vivan yo. Konsèp sa a yo di se vèb "egziste" a ki tradui l' dapre etimoloji laten an : *ex* = andeyò, *sistere* = kanpe, drese, met sou pye, kenbe, tabli.

Nan lang kreyòl la, menm jan kategori "moun" nan se pou moun sèlman li sèvi, li pa ka sèvi ni pou bèt, ni pou ròch, ni pou anj, ni pou Bondye, konsa tou konsèp "egziste" a pa gen restriksyon sa a "egzistansyalist" yo ta mete ladan l' antan yo jwe sou divès sans mo "être" ak "exister" genyen nan kèk lang eropeyen. An kreyòl "egziste" sèvi pou tradui "*esse*" laten an nan tout ekstansyon l',¹⁴ yo pa ka rezève l' sèlman pou "moun" nan, konsa li koresponn ak "*actus essendi*" a, "akt egziste egzistan an".

An nou gade pi fon nan signifkasyon egziste a. Kòm entelijans la deja ap benyen nan egzistans la, epi lang kreyòl la pa santi bezwen eksprime prezans li ki se kè realite a, sa fè entelijans la fè plis efò pou l' pran distans parapò a "egziste" a pou li fè l' tounen yon kesyon. Poutan se apati reflèks sa a tout filozofi a te devlope an Grès. Premye filozòf yo t' ap chèche ki eleman ki alabaz tout egzistan, yo t' ap chèche yon eleman materyèl dapre pèsèpsyon sansib yo (dlo, è, dife, tè); apre sa yo vin panse a eleman senk sans yo pa kapab kapte dirèkteman (atòm); epi gen Eraklit (Héraclite, 576-480 av. J.-K.) ki pral panse fondman tout bagay se "chanjman an" menm, konsa pa gen fondman pou anyen... Parmenid pral dekouvri chemen k' ap mennen nan solisyon kesyon an: "egziste" a egziste, "pa-egziste" a pa egziste, epi se "egziste" a ki tout, jan deès la te di l' nan poèm li an:

¹⁴ Sof, jan nou deja di a, lè vèb la gen sans "kopulatif" sèlman, li se yon senp trèd-inyon, yon lyezon, epi kreyòl la kite l' souzantandi.

Fragman II

"Ebyen mwen menm mwen pral pale, ou menm, kenbe paròl w' ap tande, prezizeman se de sèl chemen rechèch ou ka panse:

Youn menm, se kòman "li egziste" ansanm ak "li pa-egziste" pa ka egziste; se chemen ki sèten paske li mache ak verite a.

5] Lòt la menm, se kòman "li pa egziste" ansanm ak nesesite pou "pa-egziste" a egziste;

sa a menm mwen di w', se yon santye jennen kote pa gen anyen ki sèten, paske, reyèlman yo pa ka konnen sa ki pa egziste a,

pa gen reyèlman aboutisman

ni paròl pou di l'.

Fragman III

Reyèlman se menm nan panse a ak egziste a.

Fragman VI

Sa nesesè pou di epi panse sa ki egziste, egziste,

"egziste" a reyèlman egziste,

epi "pa-egziste" a menm pa egziste;

men sa mwen menm m'envite w' ou menm pou konsidere..."¹⁵

¹⁵ Cf. tradiksyon Jean Jacques Rinieri te fè an fransè sou tèks grèk Walther Kranz te tabli an 1952 ; se Jean Beaufret ki pibliye l' epi prezante l' nan : Parménide, *Le poème*, Paris, PUF, 1984, 2èm ed., (=Epiméthée), pp. 78-81 ; cf. Roger Verneaux, *Textes des grands philosophes. I : Antiquité*, Paris, Beauchesne, 1962, pp. 10-11. Men tèks grèk la ak tradiksyon fransè J. J. Rinieri a :

II

Εἰ δ' ἄγ' ἐγὼν ἐρέω, κῶμισαι δὲ σὺ μῦθον ἀκούσας,

αἴπερ δόδι μοῦναι διζήσιός σίσι νοῆσαι.

ἢ μὲν ὅπως ἔστιν τε καὶ ὡς οὐκ ἔστι μὴ εἶναι,

Πειθοῦς ἐστι κέλευθος - Ἀληθείη γὰρ ὀπηδεῖ -,

5] ἢ δ' ὡς οὐκ ἔστιν τε καὶ ὡς χρεῶν ἐστι μὴ εἶναι,

τὴν δὴ τοι φράζω παναπευθεῖα ἔμμεν ἀταρπόν.

οὔτε γὰρ ἂν γνοίης τό γε μὴ εἶναι - οὐ γὰρ ἀνυστόν - οὔτε φράσαις.

II

Eh bien donc je vais parler - toi, écoute mes paroles et retiens-les - je vais te dire quelles sont les deux seules voies de recherche à concevoir : la première - comment il est et qu'il n'est pas possible qu'il ne soit pas - est le chemin auquel se fier - car il suit la Vérité -. 5] La seconde, à savoir qu'il n'est pas et que le non-être est nécessaire, cette voie, je te le dis, n'est qu'un sentier où ne se trouve absolument rien à quoi se fier. Car on ne peut ni connaître ce qui n'est pas - il n'y a pas là d'issue possible -, ni l'énoncer en une parole.

III

...τὸ γὰρ αὐτὸ Νοεῖν ἐστίν τε καὶ εἶναι.

III

Le même, lui, est à la fois penser et être.

Konsa Parmenid te tabli premye prensip entèlijans la, men se kòm si li tèlman te pèdi nan dekouvèt li te fè a lòt aspè realite a te vin san konsistans pou li. Gras a Parmenid filozofi grèk la pral tabli premye prensip lavi entèlijans la ki esplike pouki sa li pa kapab rete nan kontradiksyon: li pa posib pou yon bagay se tèt bagay epi pou li pa menm bagay la an menm tan dapre menm propòsyon an. Anyen pa ka egziste tèt jan, tèt mwayèn epi pou li pa ta egziste tèt jan, tèt mwayèn sa a nan menm moman tan an. Ou pa ka di "li se" epi "li pa" an menm tan, sou menm plan an, nan menm propòsyon an. Parmenid pa t' rive aksepte ou ta ka di "pa-egziste" egziste, menm pa yon fason relatif,¹⁶ konsa, pou li, pa t' gen ni chanjman ni multiplikasyon nan realite a, paske tout bagay se "egziste" a ki se menm nan, menm jan, tout kote, tout tan, san rete. Petèt prezans vèb "être" la kòm lyezon nan lang grèk la te ede Parmenid wè klè, men se li tou ki pral avegle l'. Apati lang kreyòl la pa ta gen problèm sa a paske li fòm vèb pou deklare "egzistans" la pa menm ak fòm vèb pou fonksyon lojik yo: "se", "ye".

Platon va fè yon pa an avan antan li di sa ki san chanjman, san multiplikasyon, san finisman, se ide inivèsèl yo ki egziste nan yon lòt mond epi ki vin reflète nan mond n' ap viv la yon fason fragmantè. Si entèlijans nou rive rekonèt ide etènèl yo nan tout realite konkrè k' ap pase yo, ki pa dire yo, se paske nanm nan, dapre Platon, te egziste nan mond ide yo anvan li te vin nan kò a. Realite li kapte ak kò a se sèlman yon pakèt lonbraj ki multipliyè yon sèl ide a ki nan yon lòt mond kote ide "Byen" an ap klere tout

 VI

Χρὴ τὸ λέγειν τε νοεῖν τ' εἶναι ἕμμεναι ἔστι γὰρ εἶναι,
μηδὲν δ' οὐκ ἔστιν τὰ σ' ἐγὼ φράζεσθαι ἄνωγα.

VI

Nécessaire est ceci : dire et penser de l'étant l'être ; il est en effet être, le néant au contraire n'est pas : voilà ce que je t'enjoins de considérer...

¹⁶ Yon realite gen dwa "pa" tèt bagay ("se pa"), paske "li se" tèt lòt bagay. Dezyèm pati *Poèm* Parmenid la ekspoze "opinyon" moun yo ki wè diferans ak multiplikasyon an nan "sa-ki-egziste-a" (*Fragman IX-XIX*), men dapre deès la, se toujou "egziste-a" nan li menm k'ap deplwaye prezans li : "Or il faut que tu sois instruit de tout, du cœur sans tremblement de la vérité, sphère accomplie, mais aussi de ce qu'ont en vue les mortels, où l'on ne peut se fier à rien de vrai. Mais oui, apprends aussi comment la diversité qui fait montre d'elle-même devait déployer une présence digne d'être reçue, étendant son règne à travers toutes choses." (*Fragman I, ibid.* p. 79).

bagay. Pou ka gen plizyè ide diferan ak plizyè endividi pou chak ide, Platon di fòk gen ide "lòt" la ansanm ak ide "menm" nan pou pèmèt sa ki egziste a divèsifye. Se solisyon sa a li te jwenn pou rezoud problèm "youn" nan ak "plizyè" a. Pou sa, li oblije fè tout realite nou kapte ak sans nou yo, tounen yon aparans, lonbraj yon lòt mond. Egzistans konkrè a vin tounen yon fòm ilizyon, yon egzil. Konsa bagay Platon rele lonbraj yo pa gen prensip konstititif yo nan yo menm, epi entèlijans la pa ta bezwen kontak ak realite a pou akizisyon konesans yo, li ta deja fèt ak ide etènèl yo nan li. Repons sa a pa konsidere tout eleman problèm nan.

Aristòt va bay solisyon definitif tout problèm nan antan li montre kijan yo pa ka di "egziste" a nan menm sans la egzakteman pou tout sa ki egziste yo,¹⁷ ni non plis se pa yon erè total langaj la fè,¹⁸ men se dapre yon sèten rapò, yon propòsyon, yon relasyon yo ka rele "analoji", ki gen ant tout sa ki egziste yo nan divès degre patisipasyon nan egzistans la. Sa fè chak sa ki egziste an tansyon pou li soti nan yon inachèyman (li an "puisans" / li gen kapasite pou l' vin plis... = puisans pasif) rive nan yon achèyman pi konplè (li an "akt" parapò a sa l' te ka ye a...). Dapre anchènman patisipasyon sa a, nan tèt tout sa ki egziste yo, espri a oblije poze yon egzistan ki se achèyman total la (yon akt total ki pa manke anyen pou kapasite l' bout, poutèt sa li se puisans aktif total, jayisman aktivite a, san melanj pasivite), ki se kòz tout lòt achèyman yo pandan li menm li pa gen kòz, paske egziste a, nan dènye bout realizasyon li, se limit panse a, dayè an deyò egziste a pa gen anyen. Jan Parmenid te di a, "pa-egziste a" (*néant = non être*) pa egziste. Konsa se vre gen yon egzistan ki san chanjman, san varyasyon (jan Parmenid ak Platon te di a), epi se li menm ki sous tout lòt egzistan yo, men se yon sèl egzistan ki konsa; egzistans lòt yo, se li menm ki kòz li. Se premye motè imobil Aristòt te mete kòm prensip nan tèt tout mouvman yo. Konsèp "puisans" la avèk "akt" la va pèmèt eksplike chanjman ak miltiplikasyon nan tout lòt sa ki egziste yo. Pou realite ki tonbe anba senk sans nou yo, puisans avèk akt la se "matyè" a ak "fòm" nan. Se "fòm" nan ki pèmèt entèlijans la konnen realite a antan li

¹⁷ Se ta yon "univocité" tout bagay t' ap menm tout deklarasyon t' ap "univòk".

¹⁸ Kòm si li ta tronpe l' nèt. Se sa yo ta rele "ekivosite", "ekivòk".

fè abstraksyon kondisyon materyèl yo ki se prensip endividuasyon an, miltiplisite a ki fè gen anpil "endividi" nan yon "espès".

Sen Toma va reprann solisyon Aristòt la antan li ajoute konpreansyon relasyon ant "egzistans" realite ki egziste a epi "sa" egzistan an "ye" a ("sa-li-ye" sa ki egziste a).¹⁹ Nan sa ki egziste yo genyen ki konpoze ak matyè epi fòm, genyen menm ki gen fòm sèlman san matyè (entèlijans yo, anj yo) men yo pa gen tout egziste a san limit (donk yo konpoze tou, yo gen yon "egzistans" ak yon "esans"), epi gen youn kote "sa-li-ye" a ak "egzistans" la fè yon sèl antan se "egziste" a tou "pur", san melanj li ye. Nan liv *Osjè "sa-ki-egziste" a ak "sa-li-ye" a (De ente et essentia)*, sen Toma demontre aprofondisman sa a li fè apati ide Aristòt yo ki pèmèt entèlijans la anbrase tout ekstansyon egziste a san eklatman (Eraklit), san konfizyon (Parmenid), san fuit nan yon lòt mond (Platon), san tatònman sou premye egzistan an (Aristòt).

Konsa tou okenn aspè nan sa moun nan ye, lè l' ap antre an relasyon ak egzistans la, pa rete an deyò: entuisyon li ki afirme (*ens = eksperyans egzistan an*), pèsèpsyon li ki wè inite a apati negasyon an (*unum = egzistan an fè youn nan li epi li distenge parapò a lòt egzistan yo*), entèlijans li ki koresponn a sa ki egziste a (*verum = egzistan an ak panse a rele youn lòt, egzistan an pa irasyonèl*), volonte li sa ki egziste a rale a (*bonum = egzistan an atire moun nan, li se youn byen*). Se diferan aspè nan egziste a ki vo pou tout egzistan depi Bondye desann nan dènye atòm nan: yo rele yo "transcendantaux". Youn rale lòt epi yo pa ajoute anyen sou egziste a sinon antan yo fè wè tout fasèt li. Ansyen skolastik yo di: "*Ens, unum, verum et bonum convertuntur*", sa vle di "*egzistan an, inite a, verite a ak bonte a, youn rale mennen lòt*".²⁰ Se sa ki fè sa ki egziste a "unique" an menm tan li an relasyon ak

¹⁹ "Sa" sa ki egziste a "ye" a = "esans" egzistan an.

²⁰ Cf. Toma d'Aken, *Quaestiones disputatae de veritate*, q. 1, a. 1, *responsio ad sed contra 5* : "ens, unum, verum et bonum secundum ratione suam habent quod sint unum secundum rem; unde ubicumque inveniantur, realiter unum sunt, quamvis sit perfectior unitas illius rei secundum quam uniuntur in Deo, quam illius rei secundum quam uniuntur in creaturis". Sa vle di : "egzistans la, inite a, verite a, bonte a, nan yo menm (dapre pròp nosyon yo) yo fè youn nan realite a ; donk tout kote yo jwenn yo, yo fè youn reyèlman, menm si inite realite sa yo dapre yan yo fè youn nan Bondye pi akonpli (parfè) pase jan realite sa yo fè youn nan kreati yo".

tout bagay. Entèlijans la fè moun nan chèche verite a, volonte a ap fè l' goute byen an, epi tout sa l' ye fè youn nan akeyi responsabilite l' parapò a chak moun ki bò kote l' pou yon realizasyon total dapre tout kapasite li gen nan li antan li patisipe nan sa ki fè Bondye se Bondye: egzistans la menm. Se apati egzistans total li a chak egzistan gen verite paske li koresponn a entèlijans Kreatè a; li gen bonte paske li soti nan volonte Kreatè a. Se li menm ki sous (kòz efisyen) epi bi, objektif, aboutisman (kòz final) pou tou sa ki egziste dapre kòz fòmèl yo oubyen kòz materyèl yo.

Sa mete nou an fas prèske twa mil an refleksyon depi sou ansyen Grèk yo rive jous kounye a an pasan pa sen Toma d'Aken. Se yon bèl defi pou lang kreyòl rive antre nan trezò sa a epi pote patisipasyon pa l' pou anrichi l'. Defi sa a nou kapab leve l' ansanm si nou vle.²¹

5.- Sentre mo kreyòl yo

Pou yon refleksyon serye nan nivo filozofi ki pral jous nan fon kesyon yo nan lang kreyòl la, nou bezwen sentre mo yo pou yo ka sèvi nou byen. Fòk sa byen klè lè n' ap pale epi nou di tèl mo, ki sa li vle di, nan ki sans nou sèvi ak li epi fòk pa gen kontradiksyon. Pou refleksyon filozofik la, mo yo se tankou enstriman prezizyon nan men yon bon teknisyen. Se yon zouti ki dwe byen pròp, byen file pou lè, pa egzanp, l'ap fè yon pyès pou yon mèb, pyès la byen kalibre. Se konsa mo yo tou dwe byen kalibre pou ide yo ak rezònman yo byen chita ak prezizyon epi sènen realite a pou pèmèt konprann li, otreman anyen pap klè.

Sot nan fransè al nan kreyòl leksik la gen anpil mo ki sanble men yo pa toujou vle di egzakteman menm bagay. Gen anpil mo ki deja pase an kreyòl ak yon sans limite, gen lòt ki poko pase poutèt nivo abstraksyon refleksyon nou an jeneral nan lang nan poko santi li bezwen yo. Konsa pou nou pa mele yo, fòk diferans la klè nan espri nou sou fason de lang yo abòde realite a epi eksprime l'.

²¹ Sa fè nou wè kijan etid laten ak grèk enpòtan pou kwasans lang kreyòl la. Nou bezwen plis Ayisyen ki kapab al nan sous yo pou pataje dekouvèt yo nan lang tè nou an, pa sèlman an fransè jan nou te konn fè l' lontan. Dayè trè souvan li pi fasil pou rete pre grèk ak laten an kreyòl pase an fransè.

Lè sa ta nesèsè pou refleksyon an avanse nou pa dwe ezite si nou ta oblije sèvi ak yon mo antan nou ba li yon sans li genyen an fransè men ki poko sèvi an kreyòl. An nou wè, pa egzanp, mo "esans" la. Nou sèvi avèk li jiskaprezan pou rele likid yo retire sot nan yon plant (tankou vaniy, noyo, uil esansyèl yo) epi li kòmanse sèvi pou deziyen gazolin ak gazòy tou. Sa yo se dezyèm sans mo "essence" la genyen an fransè, men o kòmansman se sitou langaj filozofik la ki te sèvi ak li pou di "sa" yon realite "ye". Pa gen anyen ki anpeche pou sans sa a tou pase nan lang kreyòl la, menm si pou kòmanse fò nou abitye espri nou konprann "sa-li-ye" chak fwa nou wè "esans" nan yon kontèks filozofik. Nou pa bliye nou sèvi deja nòmalmman ak adjektif "esansyèl" la.

Si nou pran kounye a mo "genre" lan, li pase an kreyòl sou fòm "jan" e li vle di "fason", "mànyè", "kalite", "pozisyon", "mwayen", "sikonstans". Men mo "jan" kreyòl la pa kenbe significasyon "klasifikasyon lojik" yo ("genre", "espèce", "différence") ni ide "jenerasyon" an kote li soti a, ni ide "jeneral" la ki nan li a. Nou jwenn yon sans klasifikasyon nan ekspresyon "ki janr de moun sa a" (ak prononsyasyon "an" an ki prolouje pou ranplase "r" la); li vle di moun nan bezwen yon klasman pou plase lòt nan yon group oubyen yon kategori moun. Nou ta kapab kenbe fò sa a ("janr") pou pèmèt konprann se osijè konsèp lojik "kategori-prensipal" la n' ap pale ak sans "jenerik" la ki montre relasyon sere ki genyen tankou nan "jenerasyon", reproduksyon vivan yo.

N' ap jwenn lòt ka nan tèks sen Toma d'Aken yo. Pa egzanp, n' ap mande tèt nou kijan ki ta pi bon pou tradui konsèp "substance" la, "accident" an, "nature", "quiddité", "essence", "absolu", eksetera. Nou panse li enpòtan pou kenbe rapò tout konsèp sa yo genyen ak realite "egzistans" la, jan sa te pase nan lang grèk la, an pati pou evite tonbe nan danje nominalism nan ki te pèdi kontak mo yo genyen ak realite a, epi sa te fè relasyon entim ant nivo lojik la ak nivo ontolojik la vin debalanse. Konsa nou ta propoze tradui konsèp sa yo an kreyòl antan nou fè yon mo konpoze, lè sa a:

"substance" = "fondman-egzistans";

"accident" = "sa-ki-mache-ak-fondman-egzistans la";

"nature" = "mòd-egziste a";

"quiddité" = "kisa-li-ye a";

"essence" = "sa-li-ye a".

An teori se ta trè byen, men pratikman sa fè yon tradiksyon vin lou anpil; sa fatigue espri moun k' ap koute a; sa fennen travay sentèz entèlijans la gen pou l' fè a. Sa k' ta pi bon, se reyisi mete yon sèl mo pou chak konsèp, chak ide. Sa vle di tou senpleman mete "substans" ("sibstans") nan plas "fondman-egzistans", "aksidan" nan plas "sa-ki-mache-ak-fondman-egzistans la";²² "natu" ("nati") nan plas "mòd-egziste a", "esans" nan plas "sa-li-ye a". Se ta solisyon ki pi bon an, pou konsèp abstrè yo ka antre nan lang nan, jan filozofi a bezwen yo pou li avanse. Pou kounye a, se kòm si lang nan yon ti jan refraktè parapò a mo abstrè ki nan fransè a. Li pito glise pou l' rete nan yon mo ki konkrè. Gen de lè tou se mal alèz li mal alèz devan kèk son fransè (tankou vwayèl fèmen yo, sitou "u" ak "e"). Pa egzanp, pou nou di "certitude" se kòm si nou ta pito di "sèten", "sa ki sèten", oubyen sèvi ak advèb "sètènman" an; men konsèp abstrè mo "certitude" la ta vle di a nou glise sou li, sitou an plis, otograf ofisyèl la rejte lèt "u" a, menm si se ta pou ede entèlijans konprann sa je li. Lòt egzanp se ta konsèp abstrè "salut" a ki sipoze sètènman "delivrans" la, men ki gen plis pase sa ladan l', dapre li koresponn tou a realizasyon an plen sa moun nan ye a. "Le salut de Dieu" se pa sèlman "sove Bondye sove nou an" nan yon moman detèmine ("delivrans"), se kondisyon kote li tabli nou an ki se yon relasyon spesyal avèk li epi se yon karakteristik Bondye li menm ki "Sovè", ki pa bezwen yo "sove l'". Nou ta ka ajoute anpil lòt egzanp ankò, tankou lè nou bezwen pale sou "nature" yon realite nou oblije repete tèrm nan pou ensistans la ka ekspriye yon gade avèk atansyon ki ta koresponn a tèrm abstrè a: "nature divine", "divinite" = "sa Bondye ye ki fè li se Bondye a"; "nature humaine", "humanité" = "sa moun nan ye ki fè li se moun nan". Yon lè na alèz pou di "nati Bondye a" oubyen "nati moun nan", divinite epi imanite ki se mòd-egzistans Bondye ak mòd-egzistans moun.

An realite fò nou sonje tou tèks filozofik yo, nan nenpòt ki lang, se moun ki gen yon fòmasyon spesifik ki kapab konprann yo vrèman, oubyen moun k' ap etidye pou sa. Refleksyon an sipoze yon

²² Sans kouran mo "aksidan" an ta remonte nan rasin laten li (*accidens*, yon evènman ki rive) jous nan konsèp grèk la (συμβεβηκός, sa k' mache / sa k' tonbe / sa k' rive / sa k' parèt ansanm ak yon lòt).

kapasite abstraksyon ki deja devlope, epi li bezwen sipò lang nan pou progrese.

Pou kounye a nou mete ant parantèz mo laten oubyen fransè nou tradui ak plizyè mo konpoze an kreyòl. Menm si sa frennen moun k' ap li a o kòmansman, sa va egzèsè espri a pou li ka ale pi vit lè yon sèl mo va ase pou di konsèp la.

An atandan n' ap pran rout la, si nou ka ouvri chemen se trè byen, sinon nou sèten gen konpanyon ki ka ede nou etidye kat la pi byen pou nou pa pèdi. Nou envite yo tout nan vwayaj sa a.

6.- Yon kesyon òtograf

Kesyon òtograf la, se yon problèm ki pi konplike pase sa moun ta imajine a. Nou pa panse konpetans nou ta ka rive jous nan endike ki solisyon ki pi bon. An atandan n' ap eseye suiv sa lengwis yo mande, pi pre nou kapab. Tanzantan n' ap oblije pase nan yon santye yo entèdi paske refleksyon an pa ka rete fèmen nan yon kamizòl ki trò jis, k' ap toufe li. Òtograf la pa pi enpòtan pase konsèp yo, menm si enpòtans li genyen an pa neglijab. Gran poèt ayisyen yo ki te ekri an kreyòl, tankou Oswald Durant, Georges Sylvain, Emile Roumer, Rassoul Labuchin, te rann lang nan gran sèvis. San nou pa bliye romansye yo, komedyen yo, savan yo tankou Jules Faine ki pibliye premye etid filolojik serye sou kreyòl la.²³ Yo te sèvi ak yon òtograf ki te sanble ak pa fransè a. Nan ane 1954 lè Achevèche Pòtoprens te pibliye premye peryodik an kreyòl nèt, "*La-Vérité-Claire*", se ak òtograf etimolojik la sa te fèt pandan plis pase dizan. Se pa de sèvis sa te rann lang nan pou pèmèt tout moun di verite lafwa yo ak teoloji a ak katechism nan an kreyòl. Se sa ki fè jodi a nou ta tou pre yon solisyon pou kesyon òtograf la si yo pa chèche elimine trò vit kèk eleman nan problèm ki poze a. Sajès pèp nou an di "trò prese pa fè jou louvri", men li di tou "pi bonè se gran maten". Jounal *Bòn Nouvèl*, nan ane 1967 pral kontinye efò ki te deja kòmanse a. Grafi a pral evolye pou li vin plis fonetik pase etimolojik san li pa pèdi kontak ak lang fransè a kote li soti a. Se ak grafi sa a "Office national d'alphabétisation et d'action communautaire" (ONAAC) te konn

²³ Jules Faine, *op.cit.*

sèvi, epi, avèk kèk varyasyon, li pral sèvi pou tradiksyon Bib la ak liv litijik yo.²⁴ Ak lwa 18 septanm 1979 la epi refòm sistèm edikatif la, yo pral adopte yon sistèm ki eseye prèske fonetik nèt epi ki demake ak tout kouran tradisyon evolisyon ekriti lang nan ki te kòmanse apati fransè a. Pa gen okenn sistèm ki janm fin apwen nèt men gen yon jan ou jennen yon lang nan yon kesyon òtograf ki riske toufe l'.²⁵

Nou ka bay lang nan yon chans pou li grandi pi natirèlman posib, sitou nan egzijans akizisyon nouvo mo pou eksprime nouvo konsèp li poko abitye avèk yo.

Pou kounye a, men ki sa n' ap fè:

- Nou chwazi sèvi ak lèt "r" la devan son "o" ak "ou".

²⁴ Cf. Pradel Pompilus, "De l'orthographe du créole" in *Conjonction*, no. 120, juillet 1973, p. 27 : "Pour qui connaît la combativité et l'opiniâtreté de Charles Fernand Pressoir, il n'est pas étonnant que son système se soit imposé et soit devenu, avec quelques retouches, le système adopté par l'ONEC (Office National d'Education Communautaire) aujourd'hui ONAAC, par le Comité Protestant d'Alphabétisation et par la plupart de ceux qui écrivent en créole pour la masse: Les Pères Yves et Paul Déjean, le Père Parisot, le Père Roger Désir..."

²⁵ En 1973, le vœu de Pradel Pompilus c'était que les deux systèmes alors en usage [étymologisante – francisante / phonologique – américanisante] "se rapprochent, se fassent de mutuelles concessions pour que nous arrivions un jour – le plus tôt serait le mieux – à une orthographe intermédiaire, simple, satisfaisante à la fois pour l'alphabétisé d'hier et pour le lecteur fêru de culture française, car aucune des deux pratiques graphiques ne peut prétendre être parfaite, et ce n'est pas en exagérant leur tendance fondamentale qu'elles feront la synthèse: ni francisation excessive, ni phonétisme excessif." (*ibid.*, p. 29).

Son souhait est resté lettre morte en quelque sorte parce que c'est le phonétisme américanisant qui l'a emporté dans le choix qui fait loi jusqu'à présent. Edouard C. Paul écrivait dans le même numéro de la revue *Conjonction*, "une codification définitive de la graphie phonétique du créole doit tenir compte a) de la situation de nos illétrés b) de nos moniteurs d'alphabétisation c) de l'urgence d'alphabétiser d) de l'alternative du passage au français e) de la poursuite d'une littérature d'expression créole" ("*Point de vue d'Edouard C. Paul*" in *loc. cit.*, p. 39) et l'on pourrait ajouter qu'elle devrait tenir compte aussi de l'ampleur de l'univers de la connaissance qu'une langue est appelée aujourd'hui à embrasser si elle ne veut pas rester un instrument inadéquat.

La graphie utilisée pour les textes liturgiques de l'Eglise permettait de tenir compte de tous ces éléments. Le moment n'est peut-être pas encore venu pour qu'on le reconnaisse. Même s'il faudrait y apporter des modifications, elle reste comme témoin d'un chemin parcouru avec beaucoup d'audace et de confiance dans l'intelligence des haïtiens.

- Nou pa pè mete de konsòn alafen yon mo, pou sa je wè ka fè entèlijans konprann menm si bouch pa ta di l'.

- An jeneral nou pa jennen ak son "u" a oubyen grafi "gn" nan tankou, pa egzanp, nan mo "ansegne" a, paske otreman nou ta oblije di "an-sen-ye" oubyen "an-sè-nye" (se pa sa nou vle di); otreman se "an-sé-nye" oubyen "an-sé-gné" pou l' ta ye si yo pat chase "gn" ak "accent aigu" nèt ale nan ansèyman ki ofisyèl kounye a.²⁶

- Nou reziyen nou ekri "en" nan plas "in" ansyen òtograf la, men n' ap mande tèt nou poukisa nou pa ta ka ekri "in" pou son nazal sa a. Se yon chwa ki limite lang nan paske menm si se vre li pèmèt elimine trè-d-inyon an yo te konn mete pou fè son "i" a detache ak son "n" nan ("i-n") epi se te menm ka a pou "an" ("a-n"), se vre tou ta gen plis lojik si yo ta sèvi ak aksan "aigu" a dapre difikilte tablo sa a montre nou yo, paske "e" ak "o" gen twa son:

a ↯ an	e ↯ [en] = [in] ↯ i	o ↯ on
à ↯ àn [a-n]	è ↯ èn	ò ↯ òn
	é ↯ én (ansénye)	ó ↯ ón (kónesans)

Ekip ki te travay nan preparasyon *Ti diksyonè kreyòl-fransè* a,²⁷ te byen montre difikilte ki gen nan ekriti nazalizasyon vwayèl yo, epi li te propoze yon solisyon ak aksan-t-egi a, antan li fè wè li gen enkoerans ladan l', paske nan ka "moun" yo pa bezwen yon aksan pou detache "n" nan alòske nan mo tankou "ounfò", "oungan", "ounsi", yo pa prononse "n" nan detache se "ou" a ki nazalize sèlman. Men tablo ekip la te propoze a:

²⁶ Konsa apre yo fin limite grafi "o-n" nan pou li gen yon sèl son "on", yo fè nou li "konesans" tankou si se "ko-nésans" ki ekri epi se pa "kon-esans" jan règ ki fikse yon sèl son pou yon sèl grafi a mande a, antan li pa vle aksan-t-egi a parèt; petèt y' a fòse lang nan di "kò-nesans" oubyen "kon-nesans". Aksan-t-egi sou "o" a ta kapab yon solisyon "kónesans".

²⁷ Alain Bentolila (dir.), *Ti diksyonè kreyòl-franse. Dictionnaire élémentaire créole haïtien-français*. Port-au-Prince, Editions Caraïbes / Paris, Hatier, 1976, pp. 12-13.

son unique noté par 2 lettres	2 sons notés chacun par une lettre	
[ã] dans <i>anvan</i>	[a] + [n] dans <i>bekán</i>	
[ĕ] dans <i>chen</i>	[e] + [n] dans <i>jénou</i>	[ɛ] + [n] dans <i>sènen</i>
[õ] dans <i>beton</i>	[o] + [n] dans <i>ónè</i>	[o] + [n] dans <i>mòn</i>

Sa fè nou konprann jan problèm nan delika. Malerezman, an plis, dekrè ofisyèl 1979 la eskamote kèk eleman ladan l', an patikilye ka kote "e" ak "o" devan yon "n" epi yo kenbe son nòm al yo.²⁸

An atandan yo ta ouvri pòt pou "aksan-t-egi" a, nou pral mande "gn" konkou nan anpil ka tankou "ansegne"; n' ap kite "konesans" konsa antan nou konnen entèlijans la ka frè travay detache "o" a ak "n" nan. Solisyon "aksan grav" la oubyen "aksantegi" a sou "i" a pa egziste ditou nan abitud franse a menm si li ta yon repons lojik. Regilarite lojik (san eksepsyon!) pa toujou yon bon repons pou jayisman lavi yon lang sipoze eksprime.²⁹

7.- Konklizyon

Depi ou antre nan filozofi, ou pa kapab limite grafi. Soti nan yon sistèm al nan yon lòt gen anpil koreksyon ki fèt, konsa tou gen avantaj ki pèdi, sitou lè y' ap fòse lang nan vin rijid alòske li poko fin grandi. Nou konnen entèlijans la pa janm sou-devlope, se mwayen yo ofri li yo, fason yo oblije li fonksyone a ki kapab limite li, sa se gro problèm nan. Lè n' ap pale ak lè n' ap ekri, nou konnen moun k' ap resevwa mesaj la entèlijan, se pa yon machin,

²⁸ Pierre Vernet te patisipe nan ekip *Ti diksyonè* a, men lè l' ap eksplike kòman pou ekri kreyòl la dapre dekrè ofisyèl la, li pa konsidere son "é" nan "ansénye", "jénou" ni son "ó" nan "kónesans", "ónè", cf. *Techniques d'écriture du créole haïtien. Aspects phonético-phonologique, morpho-syntaxique et sémantique*. Port-au-Prince, Imprimerie Le Natal, 1980, pp. 122-123.

²⁹ Arthur Antoine propoze pou sèvi ak "aksan-sirkonflèks" la pou rezoud problèm nan. Li pibliye yon kou kreyòl an 1998 kote li ekspoze difikilte ki genyen ak òtograf ki ofisyèl kounye a. Se rèl yon sitwayen ki merite pou yo konsidere l' paske gen yon problèm vre, menm si solisyon li propoze a ka gen fòs kote pa l': *Par le français, parle créole. Cours d'apprentissage du créole, une langue néo-romane*. Précédé de : *La "réforme" scolaire de 1980 et la graphie de Laubach handicapent l'épanouissement intégral des élèves*, Montréal, [s.ed.] 1998.

li kapab tabli relasyon ant ide yo epi mo yo ak yon kreativite ki se reflè pa Kreatè a.

Richès kilti nou ak lang nou gen ase souplès pou li anbrase lajè ak profondè tout syans. Se moun nan, se nou menm ki pou laji espri nou, ki pou leve li byen ro, ki pou fè l' avanse byen fon. Rout la poko danmen ni asfalte, se balize n' ap balize, se ouvri n' ap ouvri, netwaye n' ap netwaye raje, nou pa pral vit, men nou pa vle rete nan ravin nan san nou pa grenpe sou tèt mòn nan kote vizyon an total, konpreansyon an klè, epi kontantman jayi sot nan doulè ak fatig yo. Yon jou filozofi va pale kreyòl epi kreyòl va pale filozofi: sèl jan pou sa fèt se pale filozofi an kreyòl.

Travay pa nou se di sa nou bezwen di yo ak pi plis presizyon nou kapab pou yon efò refleksyon ki fèk ap pouse premye rèl li nan lang nou alòske se pa jodi a li fin granmoun, - gen sa k' ta di li kòmmanse dekredi - nan lòt lang. Nan istwa ide yo se sa ki pa kanpe sou anyen yo, sa ki pa fonde sou realite egzistans la nan tout dimansyon li, se yo menm ki kapab dekredi, pase mòd. Verite a, okontrè pa janm pase mòd. Nan domèn refleksyon an, anpil fwa yo ka di "vye a pi bon" (cf. *Luk* 5,39), paske verite fondamantal yo, se rajeni yo rajeni lè tan pase sou yo. Verite sa yo, reyèlman, yo etènèl, yo anlè, anndan, anba, an deyò tout limitasyon deroulman divès moman yo. Se entèlijans nou ki jennen nan fason li anbrase sa ki egziste a apati limitasyon tan an ak espas la, epi se langaj la ki toujou inadekwa. Sa nou di a pap janm fini ak sa ki gen pou di a!³⁰ Erezman! Sinon nou ta kwè responsablite nou deja fin bout!

³⁰ Emmanuel Lévinas ta di : "Le dit n' épuise pas le dire" = " Sa yo di a pa fini ak sa k' gen pou di a" (cf. *Autrement qu'être ou au-delà de l'essence*, Dordrecht, Martinus Nijhoff, 1986, pp. 47-65). Lontan anvan, sen Toma d'Aken te esplike: "Verbum [...] quod in nobis exprimitur per actualem considerationem [...] non totum in se recipit quod est in eo a quo oritur: non enim quidquid habituali cognitione tenemus, hoc totum exprimit intellectus in unius verbi conceptione, sed aliquid eius." (*Quaestiones disputatae de veritate*, q. 4, a. 4 *corpus*). Sa vle di : "Paròl la ki eksprime nan nou an, an konsideran li an akt, [...] li pa resevwa nan li tout sa ki nan sa kote li soti a : reyèlman entèlijans la pa rive eksprime nan konsèp yon sèl paròl tout sa ki nan konesans abityèl nou kapab genyen, se sèlman kichòy (yon aspè) nan sa [li rive eksprime]". "La responsabilité pour autrui, c'est précisément un Dire d'avant tout Dit" penserait Lévinas (*op. cit.*, p. 56).